



RÈGLEMEN KONKOU KONT

BÒ RIVYÈ



Atik 1. Òganizasyon

Libreri Dekouvri òganize konkou nasyonal kont kreyòl « Bò rivyè ». Konkou sa a fèt pou ankouraje kreyasyon literè an kreyòl ayisyen, revalorize kont lan kòm yon jan literè epi mete an limyè plas rivyè a genyen nan imajinè, memwa, lavi sosyal ak patrimwàn kiltirèl ayisyen.

Atik 2. Objektif konkou a

Konkou a gen pou objektif :

- Ankouraje jèn yo imajine, kreye epi ekri an kreyòl ayisyen ;
- Valorize kont lan kòm yon fòm kreyasyon literè ak transmisyon kiltirèl ;
- Ankouraje imajinasyon ak kreyativite jèn yo ;
- Mete an valè rivyè a kòm yon espas sosyal, kiltirèl, esprityèl ak natirèl ;
- Eksplòre lejand, kwayans, istwa ak reprezantasyon ki makonnen ak rivyè yo ;
- Mete limyè sou plas rivyè a nan lavi chak jou ak nan memwa kolektif pèp ayisyen an ;
- Dekouvri epi ankouraje nouvo talan literè ;
- Kontribye nan renouvèlman kont lan kòm fòm literè ;
- Kontribye nan konstriksyon yon patrimwàn literè kontanporen an kreyòl ayisyen.

Atik 3. Tèm konkou a

Tèm konkou a se : « Bò rivyè »

Patisipan yo dwe kreye yon kont orijinal ak imajinè kote istwa a dewoule an antye oswa yon bon pati bò yon rivyè. Rivyè a pa yon senp eleman nan istwa a. Li dwe gen yon wòl enpòtan nan istwa a epi li dwe patisipe nan devlopman istwa a.

Patisipan yo lib pou yo chwazi nenpòt kalite istwa : avanti, mistè, lejand, istwa fantastik, lanmou, dram, mèvèy, istwa pou fè moun ri, kwayans popilè oswa nenpòt lòt fòm. Yo ka enspire yo ak lavi bò rivyè, relasyon moun genyen ak dlo, travay lesivyèz, timoun k ap benyen, rankont, tradisyon oral, lejand, mistè ak kwayans ki antoure rivyè yo. Nan imajinè ayisyen an, rivyè a se yon espas kote moun ak mistè rankontre. Patisipan yo lib pou yo eksplòre dimansyon sa a nan fason pa yo, san okenn obligasyon pou yo reprann yon istwa oswa yon kwayans ki deja egziste.

Atik 4. Kiyès ki ka patisipe ?

Konkou a ouvè pou tout jèn ki gen 16 rive 21 an nan moman yo patisipe a.

Atik 5. Kondisyon pou patisipe

Pou yon tèks aksepte nan konkou a, patisipan an dwe :

1. Gen ant 16 ak 21 an ;
2. Se li menm ki otè kont li soumèt la ;
3. Ekri kont lan sèlman an kreyòl ayisyen ;
4. Respekte tèm « Bò rivyè » ;
5. Bay rivyè a yon plas enpòtan nan istwa a ;
6. Kòmanse kont lan obligatwa ak « Krik ! » ;
7. Ekri yon tèks ki gen ant 1 000 ak 2 000 mo, san yo pa konte tit la ;
8. Voyer tèks la nan fòm yo mande a, swa Word (.doc/.docx) oswa PDF ;
9. Soumèt yon tèks orijinal, ki poko pibliye ;
10. Soumèt yon sèl kont.

Atik 6. Otantisite ak dwa otè

Patisipan an dwe garanti se li menm ki ekri kont li soumèt la. Tèks la pa dwe te pibliye anvan, ni soumèt an menm tan nan yon lòt konkou. Si yo jwenn yon tèks ki kopye oswa ki itilize yon pati enpòtan nan travay yon lòt moun san otorizasyon, yo kapab retire tèks la nan konkou a.

Otè a konsève dwa li sou travay li. Lè li patisipe nan konkou a, li bay Libreri Dekouvri otorizasyon pou repwodui epi difize tèks li si yo chwazi l, nan kad pwomosyon ak valorizasyon konkou a, sitou nan yon piblikasyon kolektif ak sou platfòm komunikasyon Libreri Dekouvri.

Atik 7. Kijan pou voye tèks la

Patisipasyon an ap fèt atravè fòmilè ofisyèl konkou a :

<https://forms.gle/ymCWhQFbbM7M8s6P6>

Patisipan an dwe ranpli tout enfòmasyon yo mande nan fòmilè a epi mete tèks li kòm pyès atache nan fòma yo mande a.

Chak patisipan gen dwa soumèt yon sèl kont. Yon dosye ki pa konplè oswa ki pa respekte kondisyon esansyèl règleman an kapab pa aksepte.

Pou fasilite travay jiri a, li rekòmande pou non patisipan an pa parèt nan dokiman ki gen kont lan. Òganizasyon an kapab bay chak tèks yon nimewo idantifikasyon pou evalyasyon.

Atik 8. Dat konkou a

Konkou a ap dewoule selon kalandriye sa a :

- 1ye septanm 2026 : lansman ofisyèl ;
- 1ye rive 30 septanm 2026 : resepsyon kont yo ;
- 1ye rive 20 oktòb 2026 : lekti ak evalyasyon tèks yo ;
- 21 rive 27 oktòb 2026 : deliberasyon jiri a ;
- 28 oktòb 2026 : piblikasyon rezilta yo.

Aprè dat limit la, yo pap aksepte okenn nouvo patisipasyon, sof si òganizasyon an pran yon desizyon espesyal epi li anonse l.

Atik 9. Jiri a

Men moun ki pral evalye kont yo :

- Prezidan jiri a : Frantz Délice, Ph. D.
- Manm jiri yo : Loudenya Faoutine ; Careine Saraphina Gay ; Amecarine Gédéon ; Jean Rony Joseph ; Ernsa Carmellitha Prophète.

Desizyon jiri a ap final.

Atik 10. Evalyasyon

Chak kont ap jwenn yon nòt sou 100 pwen, selon senk kritè :

- **Kreyativite ak orijinalite (20 pwen)**
- **Fason yo tèm nan tèm (20 pwen)**
- **Kalite konstriksyon kont lan (20 pwen)**
- **Kalite literè ak metriz kreyòl ayisyen an (20 pwen)**
- **Fòs ak enpak istwa a (20 pwen)**

Total : 100 pwen

Atik 11. Pri yo

Konkou a ap rekonpanse 10 gayan.



Premye pri :

- Sètifika patisipasyon ;
- Yon lo 50 liv ;
- 30 % rabè sou pwodwi ki kalifye nan Libreri Dekouvri ;
- Piblikasyon kont lan nan rekèy kolektif konkou a.



Dezyèm pri

- Sètifika patisipasyon ;
- Yon lo 30 liv ;
- 20 % rabè ;
- Piblikasyon kont lan nan rekèy kolektif konkou a.



Twazyèm pri

- Sètifika patisipasyon ;
- Yon lo 15 liv ;
- 10 % rabè ;
- Piblikasyon kont lan nan rekèy kolektif konkou a.

4yèm rive 10yèm pri

- Sètifika patisipasyon ;
- 5 % rabè ;
- Piblikasyon kont lan nan rekèy kolektif konkou a.

Atik 12. Piblikasyon ak valorizasyon kont yo

10 kont ki genyen yo ap pibliye nan yon rekèy kolektif ki pral antre nan koleksyon « Krik Krak ». Rekèy la kapab pibliye sou fòm liv dijital. Kont yo kapab jwenn lòt fòm valorizasyon atravè sit entènèt, rezo sosyal ak lòt chanèl kominikasyon Libreri Dekouvri ak patnè pwojè a.

Atik 13. Piblikasyon rezilta yo

Rezilta ofisyèl konkou a ap pibliye 28 oktòb 2026, nan okazyon Jounen Lang ak Kilti Kreyòl.

Rezilta yo ap difize atravè chanèl kominikasyon ofisyèl Libreri Dekouvri ak lòt mwayen kominikasyon patnè pwojè a.

Atik 14. Ka kote yo ka retire yon patisipan

Yo kapab retire yon patisipan nan konkou a si :

- Li bay fo enfòmasyon sou laj oswa idantite li ;
- Li fè plajya ;
- i soumèt yon tèks li pa ekri ;
- i soumèt plis pase yon kont ;
- Tèks la pa respekte tèm nan ;
- Tèks la pa respekte kantite mo yo mande ;
- Tèks la pa kòmanse ak « Krik ! » ;
- Tèks la pa ekri an kreyòl ayisyen ;
- Tèks la te deja pibliye oswa li soumèt li nan yon lòt konkou an menm tan ;
- Li vyole yon kondisyon enpòtan nan règleman sa a.

Atik 15. Akseptasyon règleman an

Lè yon moun patisipe nan konkou a, sa vle di li aksepte tout kondisyon ki nan règleman sa a. Patisipan an rekonèt li li règleman an epi li dakò respekte tout kondisyon yo.

Atik 16. Kontak

Pou tout kesyon sou konkou a :



48 07 72 53



libreridekouvri@libreridekouvri.com



Ak sipò



Direction
Nationale
du Livre



CHIC SERVICES GROUP



SPREAD INFO

